



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/24/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSEGWOU P TRAVAY E-COMMERCE KONTWÒL BWASON ALKÒL

Gwoup Travay Endistri a ap kreye pwopozisyon pou règleman lavant andetay bwason alkòl atravè founisè twazyèm pati yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te lanse Gwoup Travay E-Commerce Kontwòl Bwason Alkolize – yon gwoup ki te kreye pou devlope yon ankadreman klè pou reglemante lavant bwason alkolize grasa founisè twazyèm pati yo. Founisè twazyèm pati yo aktyèlman yo se antite ki pa règleman ki fonksyone kòm entèmedyè ant detayan ki gen lisans ansanm avèk kliyan yo. Nouvo segman nan endistri rapid sa ap ede ogmante lavant, bay plis chwa pou konsomatè yo, epi ede ti fabrikasyon bwason atizanal yo ki souvan manke resous maketing.

“Administrasyon sa te travay san pran souf pou koupe sou fòmalitye administratif epi redwi fado règlemantasyon nan fason pou solidifye wòl New York kòm yon lidè nan endistri bwason atizanal la,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gwoup travay sa ap kontinye efò nou pou modènize lwa yo nan fason pou ankouraje investisman epi elaji opòtinite pou ti biznis ak detayan atizana yo nan eta sa a.”

Gwoup travay la, ke Prezidan State Liquor Authority Vincent Bradley dirije, ap òganize yon reyinyon inogirasyon nan dat 29 Fevriye pou kòmanse rasanble kòmantè endistri a pou elabore lwa ki konsène founisè twazyèm pati yo. Reyinyon an ap kòmanse nan 10:00 am nan Sal Full Board Biwo SLA Harlem ki lokalize nan 317 Lenox Avenue, avèk videyo konferans nan Albany ak Buffalo. Yo ankouraje manm yo nan piblik la ansanm avèk lòt espesyalis nan endistri a pou patisipe, fè kòmantè oswa bay deklarasyon alekri. Anplis, reyinyon an ap difize andirèk ak nan achiv sou sitwèb SLA nan <http://www.sla.ny.gov/>.

Lavant andetay bwason alkolize E-commerce nan Etazini te totalize preske \$88 milya nan twazyèm trimès 2015 e li ofri anpil opòtinite pou biznis yo nan New York. Lè nap travay dirèkteman avèk manm yo nan endistri a, SLA apdevlope règleman ki klè ki pral pèmèt detayan yo devlope inovativman biznis yo avèk asirans konfòmitye legal. Règ sa yo ap pèmèt detayan New York yo fè patenarya avèk founisè twazyèm pati yo san krent pou vyolasyon règleman epi ranfòse pozisyon New York kòm yon lidè nan manifakti atizanal la.

Gwoup travay la ap fè rekòmandasyon epi pwopoze chanjman legal pou sesyon lejislativ sa e pou adrese pwoblèm aktyèl yo ki gen rapò avèk founisè twazyèm pati yo enkli:

- Kijan pou idantifye epi defini founisè twazyèm pati yo;
- Klarifye ki fonksyon konpayi detayan ki gen lisans yo ka delege pou founisè twazyèm pati yo;
- Devlope nan yon kad legal, konsistan avèk Lwa sou Kontwòl Bwason Alkolize, osijè konpansasyon pou founisè twazyèm pati; ak
- Bay pèmi oswa lisans pou founisè twazyèm pati yo.

Prezidan SLA Bradley te deklare, “Sa a se yon lòt egzanp sou efò kontinyèl Gouvènè a pou fè Eta vin yon pi bon kote pou fè biznis nan ede detayan ak pwodikè New York yo rive jwenn nouvo mache epi bay direksyon klè pou gwo ak ti biznis yo, enkli plizyè santèn fanmi ki posede manifakti atizanal.”

Manm yo nan Gwoup Travay ABC E-Commerce Task Force gen ladan:

- **Vincent Bradley**, Prezidan, New York State Liquor Authority
- **Kevin Kim**, Komisyone, New York State Liquor Authority
- **Michael Arton**, Konseye General Adjwen, Anheuser Busch
- **Michael Correra**, Direktè Egzekitif, Metropolitan Package Store Association
- **Sean Croman**, Konseye General Adjwen, Amazon
- **Keven Danow**, Patnè, Danow, McMullan & Panoff
- **Lester Eber**, Vis Prezidan, Southern Wine and Spirits
- **Thomas Edwards**, Prezidan, New York State Liquor Store Association
- **Kevin Fortuna**, Fondatè, Lot 18
- **Elke Hofmann**, Elke Hofmann Law
- **Mark Koslowe**, Patnè Jesyon, Buchman Law Firm
- **Paul Leone**, Direktè Egzekitif, New York State Brewers Association
- **Brian McKenzie**, Prezidan, New York State Distillers Guild
- **Connie Oehmler**, Ofisye Anchèf Operasyon, Verity Wine Partners
- **Lynne Omile**, Konseye Jeneral, Distilled Spirits Council of the United States
- **Nicholas Rellas**, Fondatè, Drizly
- **Kristin Techel, Patnè, Strike & Techel, Beverage Law Group**
- **William Tomaszewski**, Konseye Jeneral, Wine.com
- **Jim Tresize**, Prezidan, New York Wine & Grape Foundation
- **Jeff Saunders**, Prezidan, New York State Retailers Alliance
- **Brock Wanless**, Konseye Jeneral Adjwen, Groupon
- **Scott Wexler**, Direktè Egzekitif, Empire State Restaurant & Tavern Association

Depi Gouvènè a te antre nan administrasyon an nan 2011, toulède kantite biznis manifakti diven ki baze sou byè, bwason ak sidr ap itilize engredyen ki grandi nan New York e kantite total manifakti yo kap pwodui bwason alkolize te plis pase double, stimile pa aksyon eta ki sipòte endistri bwason alkolize a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418